

Sipòte lang ak alfabetizasyon

3 zan: Fè moman istwa yo vin amizan

Lè w ap rakonte istwa, avèk oswa san liv, se yon bèl chans pou konekte ak pitit ou, anseye li plis mo, epi devlope lanmou pou liv ak pou lekti. Ou pa bezwen gen liv fizik ni menm konnen li pou devlope lanmou pou lekti. Ou ka rakonte istwa fanmi, envante pwòp istwa pa ou lè w sèvi ak imajinasyon ou, oswa menm sèvi ak foto nan yon liv pou rakonte pwòp vèsyon pa ou nan istwa a.

Konsèy ak Aktivite



Pwolonje tan istwa a: Fè yon aktivite ki gen rapò ak liv la, pa egzanp kreye ti pèsonaj (poupe) ak sak papyè mawon epi rakonte istwa a ankò ak imajinasyon ou

Lè w ap li, eseye sèvi ak diferan vwa, jwe kèk pati nan istwa a, epi sèvi ak ekspresyon figi ou.



Pataje yon istwa omwen 3–5 fwa. Chak fwa, konsantre sou yon pati diferan nan istwa a— aksyon yo, santiman yo, oswa panse yo.



Al gade sa bibliyotèk nan zòn ou ofri! Pifò ladan yo òganize aktivite istwa gratis chak semèn pou timoun.



Jwe jwèt pou anseye kontrè yo: Bese kò ou epi di, “Mwen kout.” Apre sa, leve kanpe epi di, “Mwen wo.”



Etap tipik langaj

Konprann mo tankou ‘nan’, ‘sou’, ak ‘anba’

Poze kesyon “kisa”, “kote”, ak “poukisa”.

Pifò nan sa li di, moun k ap pran swen li yo ka konprann li.

Swiv enstriksyon ki gen 2–3 etap.

Sèvi ak fòm pliryèl, pa egzanp ‘chen yo’

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè. Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, pale ak founisè swen sante pitit ou a.



Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:

Kenbe yon journal

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

Sèvi ak resous ou yo

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

Fè entwisyon ou konfyans

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)